



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI DEZIYEN YON PÒSYON NAN  
SISTÈM OTOWOUT ETA A KÒM OTOWOUT MEMORYAL SP4 RICHARD F.  
WALTON, JR.**

***Lejislasyon (S.6799/A.7616) la deziyen yon pòsyon nan sistèm otowout eta a nan Vil Butternuts, Konte Otsego kòm Otowout Memoryal SP4 Richard F. Walton, Jr.***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen Lejislasyon S.6799/A.7616 ki deziyen yon pòsyon nan sistèm otowout eta a nan Vil Butternuts ki sitiye nan Konte Otsego kòm Otowout Memoryal SP4 S Richard F. Walton, Jr.

"SP4 Richard Walton, Jr. se yon ewo Ameriken ki te viv pou ede lòt yo epi te pèdi lavi li trajikman pou sèvi peyi li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Deziyasyon sa a pral onore lavi, kouraj, devouman ak sakrifis li te fè pou peyi li".

Richard Walton, Jr. te fèt ak leve nan Vil Butternuts, NY kote fanmi li se te rezidan depi lontan. An 1968, Walton te swiv fòmasyon debaz ak fòmasyon medikal apre li te fin enskri nan 326yèm Batalyon Medikal, 101st Airbone, Divizyon Ameriken. Nan mwa novanm ane sa a, li te fè volontarya pou ale nan Vyetnam pou yon toune sèvis yon ane. Apre toune li a, li te fè volontarya pou retounen nan travay li kòm yon doktè nan Azi Sidès. Apre yon vwayaj byen kout lakay pou pase nwèl avèk paran li yo, Walton yon lòt fwa te reponn apèl pou sèvi peyi li epi te retounen nan Vyetnam Disid.

Nan 6 fevriye 1970, pandan li t ap sèvi nan Vyetnam, SP4 Richard F. Walton, Jr. te pèdi lavi li nan yon aksidan elikoptè.

**Senatè Peter Oberacker, te deklare,** "Chak gason ak fanm ki mete yon inifòm militè Etazini sakrifye yo pou nasyon nou an ak mòd lavi nou yo, kèk, tankou Espesyalis Lame Walton, fè dènye sakrifis la. SP-4 Walton te sèvi pou ede lòt yo, 'ki pote yon egwi olye yon zam', jan li te di li. Se yon onè pou mwen pou ede kenbe memwa li vivan ak asire lòt yo konnen sa Richard Walton Jr. te siyifi pou vil natal li Gilbertsville ak peyi li".

**Manm Asanble Joe Angelino te deklare,** "Mwen kontan State Route 51 nan Vil Butternuts pral nonmen 'Otowout Memoryal Espesyalis 4yèm Klas Richard F. Walton'. Rekonesans sa a enpòtan pou pa janm bliye sakrifis Richard te fè nan Vyetnam an 1970. Richard te deja sèvi yon toune konba kòm yon sòlda nan Vyetnam, ki volontèman te retounen pou yon toune siplemantè kòm yon doktè lè li te mouri nan yon

aksidan elikoptè. Deziyasyon sa a pral yon rapèl pou tout moun wè pandan y ap deplase sou otowout sa a epi ka pote kèk konfò pou rès manm fanmi li pou di yo pa bliye Richard".

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418